



Pou Piblikasyon Imedya: 30/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AK SENATÈ GILLIBRAND ANONSE YON FINANSMAN  
FEDERAL 405 MILYON DOLA POU REZO ELEKTRIK LONG ISLAND**

***Finansman an pral ogmante fyabilite ak rezistans pou 1.2 milyon konsomatè sèvis  
piblik***

Gouvènè Hochul ak Senatè Gillibrand te anonse jodi a yon sibvansyon 405 milyon dola pou amelyore sistèm transmisyon ak distribisyon elektrik atravè Long Island ak Rockaways. Finansman sa a, ki administre atravè Pwogram Sibvansyon Rediksyon Risk (Hazard Mitigation Grant Program, HMPG) Ajans Federal pou Jesyon Ijans (Federal Emergency Management Agency, FEMA) nan Depatman Sekirite Enteryè Ameriken an (Department of Homeland Security, DHS), pral pèmèt yo pote amelyorasyon ak ranplasman enpòtan nan enfrastrikti elektrik Otorite Enèji Long Island (Long Island Power Authority, LIPA), ki vize pou diminye enpak move tan alavni.

"N ap investi nan yon rezo enèji pwòp ki fyab, rezistan ki ka fè fas ak enpak move tan yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Gras a administrasyon Biden ak patnè nou yo nan Kongrè a, finansman sa a pral pote amelyorasyon enpòtan nan rezo elektrik nou an epi ede Nouyòkè yo gen limyè."

**Senatè Kirsten Gillibrand te deklare,** "Pandan move tan yo vin pi kouran atravè New York ak peyi a, nou dwe travay pou asire enfrastrikti elektrik nou an fyab ak ekipe pou diminye risk yo. Sa gen kèk ane sèlman, nou te wè enpak devastatè Tanpèt Twopikal Isaias te genyen sou rezo elektrik Long Island, ki te kite plis pase demi milyon abitan Long Island san kouran. Finansman federal 405 milyon dola sa a pral pote amelyorasyon ak ranplasman enpòtan nan rezo elektrik LIPA a epi ede diminye enpak move tan yo alavni. Mwen fyè pou m bay finansman sa a epi mwen pral kontinye goumen pou ogmante fyabilite ak rezistans nan enfrastrikti elektrik atravè Eta New York."

Asistans FEMA pou diminye risk bay finansman pou redwi oswa elimine risk alontèm pou moun ak pwopriyete konsènan katastwòf yo alavni. Lè nou investi nan planifikasyon rediksyon risk, sik domaj katastwòf yo lakòz, rekonstriksyon, ak domaj repete yo kraze, nan mete an aplikasyon solisyon ki pwoteje kont evènman alavni yo.

Ogmantasyon finansman an pral pèmèt LIPA ranfòse 166 sikwi ayeryen ki kouvri apeprè 2,214 km rezo distribisyon kouran an, apre domaj Tanpèt Twopikal Isaias te koze, ki te kite 650,000 kliyan san kouran an out 2020. Anplis de sa, finansman an pral pèmèt LIPA ranfòse kont tanpèt yo yon lòt 166 sikwi ayeryen prensipal a twa faz. LIPA te fini 339 sikwi avèk finansman FEMA pou rediksyon risk apre Siklòn Sandy. Ant de sibvansyon sa yo, LIPA ap ranfòse kont tanpèt yo plis pase 50 pousan nan sistèm ayeryen li a depi 2020.

**Direktè Enterimè Egzekitif Otorite Enèji Long Island lan, John Rhodes, te deklare,** "Kliyan nou yo vle epi yo merite sèvis elektrik fyab ak rezistan. Finansman adisyonèl sa a pral ranfòse yon fason siyifikatif efò kontinyèl nou yo pou konstwi yon rezo elektrik ki pi solid epi pèmèt nou pi byen ekipe pou fè fas ak difikilte meteyolojik alavni. Nou remèsye FEMA, ansanm ak tout patnè nou yo nan gouvènman federal la, pou sipò kontinyèl yo."

**Prezidan Konsèy Administrasyon Otorite Enèji Long Island, Tracey Edwards, te deklare,** "Konsèy Administrasyon LIPA a devwe pou bay enèji pwòp, fyab, ak abòdab pandan l ap asire pi ba pri alontèm pou konsomatè nou yo. Finansman federal enpòtan sa a pral pèmèt nou antreprann amelyorasyon esansyèl nan rezo elektrik nou an, amelyore rezistans ak fyabilite li. Nou rekonesan pou sipò FEMA epi felisite anplwaye devwe LIPA yo pou angajman ak travay yo nan reyalizasyon pwojè sa a."

Men lòt eleman kle nan pwojè a:

- **Poto elektrik ki pi solid:** Yo pral ranplase apeprè 11,000 poto elektrik pa poto ki pi solid, ki pi rezistan ki kapab fè fas ak van fòs siklòn ki rive jiska 217 kilomèt alè. Poto sa yo pral gen yon baz ki pi solid pandan y ap kenbe menm wotè ak sa ki deja egziste yo.
- **Kab elektrik ki ranfòse:** Yo pral modènize 2,061 kilomèt kab prensipal ak solisyon ki pi dirab ak rezistan.
- **Ba transvèsal poto elektrik avèk pwofil sere:** Pou anpeche domaj branch bwa k ap tonbe yo lakòz, yo pral ranplase 29,000 ba transvèsal poto elektrik avèk vèsyon sentetik ki pi kout. Ba transvèsal poto elektrik sa yo gen yon dire vi 30 ane, parapò ak poto an bwa menm jan.
- **Mendèv ki ogmante:** Pral gen yon ogmantasyon apeprè 100 travayè liy elektrik pandan konstriksyon pwojè a k ap dire kat ane. Travayè liy elektrik adisyonèl sa yo pral ede retabli kouran pandan gwo evènman meteyolojik epi kontribiye nan ekonomi lokal la.

An total, pwojè a ap pran senk ane pou l fini.

Antanke yon otorite piblik, LIPA elijib pou chèche opòtinite sibvansyon pou ede konpanse depans rekipèrasyon aprè tanpèt la ak rezistans klimatik pou konsomatè li yo. Pandan dènye deseni ki sot pase a, LIPA te jwenn plizyè sibvansyon nan men FEMA

pou ranfòsman kont tanpèt, ki enkli rekiperasyon apre Gwo Tanpèt Sandy (2012) ak Tanpèt Twopikal Isaias (2020). Sibvansyon sa yo te pèmèt yo redwi anpil depans konsomatè yo a yon nivo 2.3 milya dola. Efò rediksyon risk FEMA finanse a te efikas, ak sikui ki pwoteje kont tanpèt yo ki gen yon pèfòmans siperyè ak 50 pousan parapò ak sikui san rediksyon risk yo pandan move tan yo.

**Prezidan Federasyon Mendèv Long Island (Long Island Federation of Labor) Ian, AFL-CIO, John R. Durso, te deklare,** "Long Island se yon zile nan Oseyan Atlantik la ki nan premye liy chanjman klimatik yo. Finansman federal sa a enpòtan pou Long Island. Amelyore fyabilite ak rezistans rezo elektrik nou an enpòtan anpil pou bay kouran ki estab ak travay sendika ki byen peye pou yon avni pi bon ak pi briyan. Nou ta renmen remèsye tou Gouvènè Hochul, Lidè Majorite Schumer, ak Senatè Gillibrand pou lidèchip ak sipò yo paske yo garanti lajan sa yo."

**Manadjè Biznis IBEW 1049, Pat Guidice, te deklare,** "Finansman enpòtan sa a esansyèl anpil pou ranfòsman kontinyèl enfrastrikti elektrik Long Island la, ki rann li pi solid kont move tan n ap sibi. Anplis de sa, sa pral kreye plis djòb pou pwofesyonèl ki kalifye ki enpòtan anpil pou fonksyonman Rezo a pandan y ap ranfòse ekonomi lokal nou an. IBEW Local 1049 fyè pou l kontribiye ak mendèv sendika kalifye, pandan l ap asire travay la fèt san danje epi yon fason efikas. Nou remèsye lidè nou yo paske yo garanti investisman enpòtan sa a."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)